



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Dokiman sa a fèt pou l distribye imedyatman
April 2008

Kontakte : Susan Smith
850-245-4111

****FÈY ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****

PWOSEDI POU NETWAYE EGOU YO KÒRÈKTEMAN

Anpil dlo lapli ki tonbe poutèt sou Siklòn Twopikal/Siklòn yo ka vin koze inondasyon ki kontamine ak dlo egou yo. Gen pwosedri konvenab pou netwaye epi pou dezenfekte dlo a ki rekòmande defason pou anpeche maladi mete pye.

Kijan pou netwaye bagay ki gen dlo egou ak debòdman egou kontamine ki fèt andedan lakay ou :

- Mete rad ki pou pwoteje tankou bòt an kawoutchou ak gan enpèmeyab (ki pa kite dlo rantre ladan yo).
- Netwaye mi yo, sifas di ki atè yo, ak lòt sifas ki nan kay la avèk savon epi dlo epi dezenfekte yo ak yon solisyon ki konpoze ak 1/4 tas klowòks nan yon galon dlo. Yon fwa w fin netwaye, seche atik ki te afekte yo pou anpeche yo kanni.
- Pinga melanje pwodwi dezenfektan ki gen amoniak ladan yo avèk klowòks poutèt kapab gen vapè toksik ki ka degaje.
- Lave tout dra ak tout rad nan dlo cho oubyen pote yo nan dray klinin.
- Jete bagay ou paka lave yo oswa ou pa ka pote nan dray klinin, tankou matla, kapèt, papye kolan pou mi yo ak mèb ki ranboure.

Pou debòdman ki fèt sou deyò lakay ou :

- Kontakte konpayi sèvis piblik ou a oswa yon konpayi ki gen lisans pou netwaye tank septik.
- Ou ka dezenfekte ti debòdman ki mande yon atansyon rapid yo avèk lacho pou jaden (garden lime), ou ka jwenn ni nan nenpòt ki magazen ki vann atik pou jaden. Swiv enstriksyon ki genyen sou etikèt bwat lacho a defason pou ka konnen ki materyèl ou bezwen pou pwoteje tèt ou lè wap sèvi ak li.
 - Simaye lacho a kote ki devèse a defason aske sifas kote ki devèse a ka vin blan ak poud lacho a. Si sak rete a vin pi epè nan sèten seksyon, sèvi ak yon rato pou ka melanje lacho a ak rèl la.
 - Apre yon jounen fin pase, pase rato a nan pati epè ki rete a lèfini mete l nan yon sache fatre pou ka jete l ak lòt fatra ou genyen yo. Sèvi ak yon awozwa oswa yon kawoutchou pou wouze lacho a ansanm ak rèl la pou l ka rantre nan tè a.



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

- Kite zòn nan seche nan solèy yon jou anvan ou ale ladan. Si malgre tou toujou gen poud lacho ki vizib sou lakou a, wouze l jiskaske poud blan an ale.

Swiv pwosedi ijyènik konvenab yo pou anpeche maladi :

- Pinga foure men w ak dwèt ou nan nen w, bouch ou, je w, ak ni nan zòrèy ou.
- Lave men w ak savon e ak dlo imedyatman apre w fin netwaye epitou anvan w manje oswa anvan pran anyen pou bwè.
- Kenbe zong dwèt ou kout e pwòp. Itilize yon bwès ki di pou retire tout salte ak bagay ki pa dwe la yo.
- Pinga mete rad pwòp menm kote ak rad ou te mete deja.
- Benyen apre chak jou lè w fin travay.

Pou ka gen plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman lasante ki nan konte lokal ou a, oswa ale nan www.doh.state.fl.us oswa nan www.FloridaDisaster.org. Liy Enfòmasyon Dijans Florida (Florida Emergency Information) : 1-800-342-3557. Fonksyon pou Sipò Enfòmasyon Ijan pou Piblik la : (850)-921-0384

###